

# IMIGRAN: KONNEN DWA W GENYEN NAN LOJMAN

Nan Vil Nouyòk, yo pa kapab fè zak diskriminasyon sou ou poutèt sitiyouyasyon imigrasyon ou, sitwayènte ou oswa orijin ou genyen nan lojman. **Ou gen dwa kèlkeswa stati imigrasyon ou oswa sitwayènte ou.**



## LI ILEGAL...



... pou pwopriyetè yo refize fè reparasyon oswa bay kondisyon lojman medyòk akòz stati imigrasyon, sitwayènte oswa orijin yon lokatè.



... pou pwopriyetè yo refize vann, lwe kay oswa fè sa ak diferan tèm, kondisyon, oswa privilèj akòz stati imigrasyon, sitwayènte oswa orijin yon moun.



... pou pwopriyetè yo asele oswa entimide lokatè yo akòz stati imigrasyon yo, sitwayènte yo oswa orijin yo, tankou lè yo menase pou yo rele ICE (Immigration and Customs Enforcement) oswa lè yo itilize tèm "etranje ilegal".



... pou pini oswa tire revanj sou yon moun paske li te pran kèk mezi kont pratik diskriminatwa, tankou depoze yon plent nan Komisyon Dwa Moun Vil Nouyòk la oswa yon lòt ajans ki la pou sa.

Si w kwè ou te viktim yon zak diskriminasyon akòz stati imigrasyon ou, sitwayènte ou, orijin ou, oswa manm nan yon lòt klas pwoteje, **tanpri kontakte Komisyon an nan (212) 416-0127 pou rapòte zak diskriminasyon an.**



on.nyc.gov/  
reportdiscrimination